Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 3 (7299)
19 январь 2018 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Дандельъаби

## Росабазул бутIрузулгун дандчIвай



Гьал къоязда букIана росабазул бутIрузулгун районалъул бетIерасул дандчIвай. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул хIалтIухъабиги.

Аслияб суаллъун дандчIваялда букIана Россиялъул Федерациялъул Президент вищиялде росабалъ хIадурлъи гьабиялъул суал. БетIерас рихьизаруна рищиязул комиссиязда цере чIарал масъалаби. Гьезул пикру буссинабуна росабалъги киса-кибего гIадин рищиязде рагIа-ракьанде щвараб хIадурлъи букIине кколин. «Законодательствалда рекъон киналго гьелъул тIалабалги тIуран рищиял ин буго нилъер мурад. Гьелъие гIоло гьабизе ккола рагIа-ракьанде щвараб хIадурлъи. Рищиялъул кампаниялъул социалияб кIварги бичIчIун, лъугьине хIажат буго рищиязул хIалтIулъе»,-ян бихьизабуна гьес..

-РФялъул ЦИКалъул ва РДялъул рищиязул Комиссиязул тIалабазда рекъон гьабизе ккола РФялъул Президент вищиялде хIадурлъи,-ян бихьизабуна ТИКалъул пред. А. Расуловасги.

Гьединго тIадчIей гьабуна налогал ракIариялде, росабалъ кIвар кьезе т1ад кьана, росабазул къватIал, лъел мохъал къачIазе ккеялда. Бихьизабуна хехлъизабизе кколин госуслугабазул порталалда гIадамазул хьвай-хьвагIай гьаби, тIобитIизе кколин бичIчIи кьеялъул хIалтIи,-абун.

## Терроралъе бакI гьечIин абураб бичIчIигун

Генуб гьоркьохъеб школалъул чIахIиял классазул лъималазда гьоркьоб «Ракълилаб Дагъистан»,-абураб темаялда тIобитIана семинар. Гьениб заманаялъул тIалабал магIнаяб куцалда цIунараб проектгун цеве вахьана Дагъистаналъул диниял организациязда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул Комитеталъул хIалтIухъан Гъ-М. ВухIамагъазиев.

Семинаралда жигараб гIахьаллъи гьабуна 11 классалъул цIалдохъаби ГI. НурмухIамадовас, М. МухIамадовас, М. Абакаровас, I0 классалдаса ГI. Абакаровас, М. Бадрудиновас, ГI. МухIамадовас, П. ГIабдулаевалъ, П-З. Мансуровалъ ва цогидазги.

ДандчIвай ана киналго разияб куцалда. Гъ-М. Зайнудиновичас мисалалги рачун бихьизабуна ислам террор гуреблъи, гьеб ракълилаб дин букIин. Бихьизабуна Дагъистаналда дин бацIадго букIинги. Гьенир цIалдохъаби рачIана Дагъистаналда терроралъе бакI гьечIин абураб бичIчIиялде.

Ахиралда районалъул администрациялъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовас ракI-ракIалъулаб баркала кьуна лъикIаб проектгун цеве вахьарав Гъ-М. ВухIамагъазиевасе, лъикIаб гIахьаллъи семинаралда гьабурал цIалдохъабазеги.

Цо Генуб росулъ гуребги тIолабго Дагъистаналъулго школазда гIемер гьаризе хIажат руго гьединал дандчIваязул семинарал. БитIухъе бицани тIобитIараб тадбиралъ гендерил лъималазул бичIчIи тIубан хисизабунин абизе бегьула.

**Меседо АБАКАРОВА. Генуб росу.**

# Аслиял масъалаби цере лъуна

ЦIияб соналда тIоцебесаб аппараталъулаб совещание тIобитIана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьениб гIахьаллъи гьабуна бетIерасул замаз, учреждениял-организациязул ва хъулухъазул нухмалъулез. Совещаниялда балагьана киса-кирего штатал къокъ гьариялъул суалалъухъ. Гьеб суалалдасан кIалъана бетIерасул зам. С. АрулмухIамадов. Гьес чIванкъотIун бицана райадминистрациялъул структураялда гьарулел ругел хиса-басиязул.

Гьединго совещаниялда бицана налогал ракIариялъул, РФялъул Президент вищиялде хIадурлъи гьабиялъул, избирателазулгун дандчIваялъул график гьабиялъул, рищиязул комиссиялъул членал цIализариялъул.

Рищиязда тIадчIей гьабулаго бетIерас бихьизабуна муниципалитеталда I8 марталде лъикIаб хIадурлъи гьабулеб бугилан. «Нилъер масъала ккола щивав избирателасда щив вищулевали гуреб жинцаго тIаса бищи гьабизе кколеблъи бичIчIизаби»,-ян абуна гьес.



Гьебго суалалдасан кIалъана ТИКалъул пред. А. Расулов. «ХIадурлъиялъул хIалтIи графикалда рекъон унеб бугин» бихьизабуна гьес.

Налогал ракIариялъул бугеб хIалалъул бицунаго бичIчIизабуна араб сон лъикIал хIасилалгун регIанин. «Киналго планал тIуразаруна, гьаб соналда лъикIал хIасилал росиялъеги нилъер ресал руго»,-ян.

Ахиралда кIалъалаго бетIерас администрациялъул хIалтIи гIуцIиялда хурхун бихьизабуна киналго отделаз ва жив-живас гьаризе ругел хIалтIабазул планал рукIинаризе, щивас гьаризе кколел хIалтIаби рихьизарурал планал начальниказ курировать гьарулел замазухъе кьезе кколин. Гьез информация кьезе бугин гьабураб хIалтIуда хурхун.

Цере чIарал масъалабазда хурхун дандельиялда жавабиязе тIадкъаялги кьуна.

Лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабулел Комиссияз - 100 сон

# Мисалияб хIалтIухъ

17 январалда райадминистрациялда букIана РФялъул саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул Комиссия гIуцIаралдаса I00 сон тIубалде буссараб рохалилаб дандельи. Гьениб райадминистрациялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас ракI-ракIалъ баркана комиссиялъул членазда праздник. Гьес баркала загьир гьабуна гьезул кIвахI гьечIеб хIалтIухъ. «Гьел саназда гIемераб пайдаяб хIалтIи гьабуна саназде рахинчIел лъимал квешлъабаздаса цIуниялъе, гьезул ихтиярал цIуниялъе нилъер комиссиялъги. ГIолеб гIелалъул нухбачунеблъунги букIун гьелъ гьел цIунана квешал ишаздаса. Баркала, нужее, гьеб ишалъе кьураб ракIалъухъ, нужер захIматалъухъ!



Гьенибго комиссиялъ гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ хIисаб кьеялъулаб доклад гьабуна гьелъул бетIерай специалист П. НурмухIамадовалъ. Гьелъ бихьизабуна комиссиялъул хIалтIуе хасаб план бугин ва гьеб хIалтIул районалда лъикIал хIасилалги ругин. ТIадчIей гьабуна комиссиялъул хIалтIуе кумекалъе ратулел районалъул ОВДялъул ПДНалъул ва лъай кьеялъул организациязул хIалтIуда.

Хадуб букIана шапакъатал кьей. Саназде рахинчIел лъималазда гьоркьоб гьабулеб мисалияб хIалтIухъ ХIурматияб грамота кьуна П. НурмухIамадовалъе.

**Ахихъан**

*Районалъул газета*

*№ 3 (7199)*

*19 январь 20178 сон*

2 гъумер

## Лучший студент года ДГУ

На ежегодном традиционном слете отличников Дагестанского государственного университета в прошлом году номинантом стал выходец нашего района, студент 4 курса факультета управления, выпускник Унцукульской средней общеобразовательной школы №2 Магомедалиев Магомед Ахмедович.



**2018 сонгун!**

## Гьойдул соналъул гIадамал

Регьел цIикIкIараб завал дагь-дагькккун зодиса гIодобе лъугьана ва бижана Ракь. Гьайбатаб риидал Бакъалъ боркьулеб тIолалго лъикIлъаби ва санаг1алъаби жанир ругеб Ракь ккола гIумроялъул ва рукъалъул символ (шартI).

Боркьараб ва регьел гIураб къаденахъе байбихьана бачIин бугел авлахъал рижизе. Гьединаб Ракьалъ гIемераб жоялда тIад ургъизе тIамула. Гьелъул кверщалида гьоркь рижарал гIадамал рукIуна рихьизе ругел, дагьабго тIогьилаб тIомалъул, ризал кьунсрузул, дагьалго къуларал, чехь гургинал, кротазда релъарал, гIодоре риччарал. Гьел гIодоре риччан ва ракI чIун церехун уна.

Ракьалъул Гьаби руго пикро цебетIурал, рекIелъе ротулел, гьваридал, цIодорал гIадамал. Гьел рукIуна лъай ва бажари бугел, жидерго махщел цебетIезабизе бажарулел. Рихьизе гьел рукIуна сабурал, гIодоре риччарал, гьезул рагIи букIуна божизе тIамулеб, кIудиял захIмалъаби ккечIого цебе лъураб мурадалде щолел. РукIуна сахаватал, адаб-хатир бугел, хIажаталъуре кумекалъулаб квер кьолел. Гьудулзабаз ва цадахъ хIалтIулез гьезул къадру-къиматги гьабула.

Ракьул Гьаби руго жалго рокьулел, гьединлъидал жаниб лъун толаро жидерго рахIат хвей ва хIинкъи, киданиги хIинкъиялде гьоркье ккезеги чIоларо.

Бокьула материалияб рахъ лъикI букIине. Лъалеб къадаралъ рукIуна къарумал, чIухIарал. Жалго рихьизарула общественнияб гIумроялъулъ, ритIухъал ругониги оппортунизмалдехун гьетIарал рукIуна. Жидеего гIоло чи хIалтIизавизе бокьани, гьез хIал-зулмугицин хIалтIизабула. Гьеб рахъалъ Ракьалъулги Гьойдулги гIамал-хасият цоцада рекъоларо, кигIанго жиндаго тIад хIалтIулеблъун гьеб бугониги. Ракь Гьоялъе хIажалъула гIумро гьабиялъе. Гьел рукIуна хIакъикъиял, ритIарал, сихIирал ва жанисеб хIал бечедал. Руго рижудасаго гIуцIарухъаби, амма аслияблъун букIуна материалияб рахъ. Руго цIодорал, цогидазда божилъи дагьал, бигьаго кверде росуларел. Жидеего махщел бищула тIадегIанаб репутация букIиналъе. Жидерго талихI цIунула цIакъ щакдарулаго, гьезулъ щакдари букIуна гIагараздехунгицин. Хъизаналда ва гIадамазда гьоркьор рукIуна къадру-къимат бугел, дагьалго зулмучагIилъун.



Гьудуллъи цIунула, гьезухъа бажарула кьезеги босизеги. ХIинкъи бугеб орган ккола кьечI. Бокьула кондитерлъиялъул квен, амма гьезие лъикIаб букIуна гьалилал культураби. КIвар кьезе ккола физическиял упражнениязде, рекъола гIурччинаб кьер.

*Данделъи*

## Тарбиялъе кьучI лъолезул данделъи

Дагьал церегIан къоязда Унсоколо № 2 «Мильирщо» ясли-ахикь тIобитIана районалъул киналго ясли-ахазул хIалтIухъабазул совещание. Совещаниялда гIахьаллъана районалъул ясли-ахазул киналго нухмалъулел, тарбиячагIи, ясли-ахазул киналго медсестраби. Гьединго совещаниялде тIаде къабул гьарун рукIана Хьаргабиса, КIикIуниса ясли-ахазул методистал, психологал, логопедал, РУОялъул хIалтIухъаби Умасарат МухIамадгIалиевна, Сакинат МухIамадгIалиевна, Умагьани МухIамадовна. Семинар байбихьилалде дун жание лъугьана СалихIат Камиловналъ ва ГI. Камалудиновналъ нухмалъи гьабулеб группаялде. Дун хаган хутIана группаялъул помещениялда гьабун букIараб хIалтIи бихьараб мехалъ. Балагьаразе асар гьабуледухъ берцинго гIуцIарал ва сокIарал расанкIбазги, гвангъарал помещениязги, хIалтIуде гьезул бугеб гьираялъги бихьизабулеб букIана гьитIичазе кьолеб тарбиялъайги гьезул тIадегIанаб даражаялда батулеблъи. Совещаниялда бихьизабуна традиционнияб къагIидаялъ ясли-ахазда педсовет ахIизе кколеб куцалъул, бицана лъималазул сахлъи цIуниялъул мурадалда, ясли-ахазул хIалтIухъабазда тIадал ишазул. ГIенеккаразе кутакалда бокьана «Мильирщо» ясли-ахалъул методист ПатIимат ХIамзатовалъул, тарбиячIужу Супияхалун Макъсудовалъул докладал, совещаниялдаса хадуб балагьарал хIайран гьаруна гьитIичазул кьурдабаз, мильирщаби гIадинал гьезул гьайбатал кьурдаби кидаго цереса инаро. ГьитIичазухъ балагьун бихьулеб букIана музрукги воспитателалги цадахъ рекъон хIалтIи гьабулеб букIин, ясли-ахалъул хIалбихьи бугей, кIвахI гьечIей методист ГIайшат МухIамадовналъ хIалтIи гIуцIи тIаса-масаго толеб гьечIольиги. Нилъеда киназдаго лъала кинабго руководительзабазда бараб букIунеблъи. ПатIимат ГIабдулмаликовалъул жавабияб хIалтIи бачине лъай загIипаб букIарабани, гьедигIан лъикI букIинароан бихьулебщинаб. ХIалтIухъабазул разилъиялдасан, гьезул гвангъарал, гьалбал къабул гьаризе бугеб гьираялдасанги бихьулеб букIана заведующая ПатIимат хIалтIи бокьулей, тIаде вачIарасул къваригIел тIубалей, лъималазе ва хIалтIухъабазе хIеренай руководитель йикIин. Тавпикъ кьеги гьелъие хадубккунги жиндирго жавабияб хIалтIи гьедин берцинго бачине. Гьадинал совещаниял гьоркьоса къотIичIого тIоритIулел рукIиналъ, кIудияб методикияб кумек щолеб буго нилъер районалъул росабазул ясли-ахазеги. Методикияб кумек ясли-ахазул хIалтIухъабазе щвеялъул мурадалда хIалтIи гIуцIаралъухъ кIудияб баркала загьир гьабизе бокьун буго дие ясли-ахазул хIалтIи жинде тIаде кколей, лъай бугей, бажарарай, гIодое йиччарай, иманалъул ракI цIурай, унго-унгояй магIарулай Умасарат МухIамадовналъе.



Щибал росабазул ясли-ахаздеги ячIун гьелъ кидаго хал гьабула бугеб ахIвал-хIалалъул, гьитIичазе гьабулеб хьулухъ ва тарбия-лъай кьеялъул хIалтIи кин унеб бугебали, гьединго нижер гIунгутIабазухъ кIвар кьун гIенеккун, гьел ритIизариялда тIад хIалтIиги гьабула. Дие бокьун буго Умасарат МухIамадовналда, киналго РУОялъул хIалтIухъабазда ва кIвахI гьечIел ясли-ахазул киналго хIалтIухъабазда баркизе ЦIияб 2018 сон. Гьаризе гьезие чорхое сахлъи, халатаб гIумро, жавабияб хIалтIулъ чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби! Биччанте 2018 сон нилъее киназего баракатаб букIине. Кинавниги инсанасда Аллагь гурхIаги, унтарал сахлъаги, хвел рикIкIалъаги, рохалил хабараз дуниял цIеги, рагъулги кьалулги къоял тIагIаги, рекъелгун маслихIат кибго дандчIваги!

**Кавсарат ГIИСАЕВА,**
**№ 10 МК ДОУялъул зав.**
**ХъахIаббросо.**

# Выборы Президента Российской Федерации

Выборы Президента России должны состоятся 18 марта 2018 года. В соответствии с Конституцией Российской Федерации, глава государства будет избран на шестилетний срок путём равного и прямого всеобщего тайного голосования[2][3][4]. Согласно пункту 2 статьи 5 Федерального закона от 10 января 2003 года № 19-ФЗ «О выборах Президента РФ» (в ред. Федерального закона от 1 июня 2017 г. № 103-ФЗ), датой проведения первого тура президентских выборов является второе воскресенье месяца, в котором проводилось голосование на предыдущих общих выборах Президента Российской Федерации и в котором шесть лет тому назад был избран Президент Российской Федерации (4 марта 2012 года). Однако, согласно пункту 7 статьи 5 того же ФЗ если воскресенье, на которое должны быть назначены выборы Президента Российской Федерации, совпадает с днём, предшествующим нерабочему праздничному дню, или это воскресенье приходится на неделю, включающую нерабочий праздничный день, или это воскресенье в установленном порядке объявлено рабочим днём, выборы назначаются на следующее воскресенье. Так как вторая неделя марта (года проведения выборов) включает в себя Международный женский день, являющийся согласно статье 112 ТК РФ нерабочим праздничным днём, то выборы со второго воскресенья марта (11 марта 2018 года) переносятся на следующее воскресенье (18 марта 2018 года)[5].

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 3 (7199)*
*Рузман*
*19 январь 2018 сон*

3 гьумер

**Садовод**

Страница в номере

# Кандидаты, выдвинутые политическими партиями и инициативными группами

| Кандидат | Деятельность, должность (на момент выдвижения) | Субъект выдвижения | Статус | Дата выдвижения |
|---|---|---|---|---|
| Эльвира Агурбаш | Первый вице-президент фирмы «Мортадель» | «Альянс зелёных»[55] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт | 21 декабря |
| Сергей Бабурин | Главный научный сотрудник ИСПИ РАН, лидер РОС | РОС[56 | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт | 22 декабря |
| Антон Баков | Предприниматель, лидер Монархической партии России | Монархическая партия России[57 | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт | 23 декабря |
| Татьяна Воловик | Представитель движения дольщиков | Самовыдвижение[58] | Отказано в регистрации из-за нарушений в проведении инициативной группы избирателей[59] | 24 декабря |
| Ирина Волынец | Председатель Национального родительского комитета | «Народ против коррупции» | Поданы документы о выдвижении в ЦИК | |
| Айна Гамзатова | Зам. директора по дополнительному образованию Всероссийского государственного университета юстиции | Самовыдвижение[60] | Отказано в регистрации из-за нарушений в проведении инициативной группы избирателей[59] | 30 декабря |
| Екатерина Гордон | Гендиректор ООО «Агентство Оптимальных Юридических Решений» | «Добрых дел»[61] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт | 23 декабря |
| Павел Грудинин | Директор ЗАО «Совхоз имени Ленина» | КПРФ[62] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт | 23 декабря |
| Владимир Жириновский | Председатель ЛДПР, руководитель фракции ЛДПР в Госдуме РФ | ЛДПР[63] | Зарегистрирован[64] | 20 декабря |
| Михаил Козлов | Предприниматель, эксперт в области социальной психологии | Партия социальной защиты[65] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт | 23 декабря |
| Лаки Ли | Владелец клуба «GoldenGirls», президент Ассоциации стриптиз-клубов России | Самовыдвижение[66] | Отказано в регистрации из-за нарушений в проведении инициативной группы избирателей[59] | 30 декабря |
| Наталья Лисицына | Машинист крана металлургического производства АО «Металлургический завод „Петросталь“» | «РОТ ФРОНТ»[67] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт | 27 декабря |
| Олег Лурье | Журналист | Самовыдвижение[58] | Отказано в регистрации группы избирателей из-за наличия непогашенной судимости у выдвинутого кандидата[68][69] | 24 декабря |
| Владимир Михайлов | Директор ООО «Предприятие „ФЭСТ“», депутат Костромской областной Думы | Самовыдвижение[58] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт | 25 декабря |
| Алексей Навальный | Председатель «Партии Прогресса», основатель «Фонда борьбы с коррупцией» | Самовыдвижение[58] | Отказано в регистрации группы избирателей из-за наличия непогашенной судимости у выдвинутого кандидата[70][71], отказ подтверждён Верховным судом и Апелляционной коллегией Верховного суда[72] | 24 декабря |
| Станислав Полищук | Председатель «Партии социальных реформ» | Партия Социальных Реформ[73] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт | 23 декабря |
| Сергей Полонский | Предприниматель | Самовыдвижение[58] | Отказано в регистрации из-за нарушений в проведении инициативной группы избирателей[68][74] | 24 декабря |
| Тристан Присягин | | Самовыдвижение[75] | Поданы документы о выдвижении в ЦИК | |
| Василий Пугачёв | Руководитель АНО «Сотвори добро» | Самовыдвижение[58] | Поданы документы о выдвижении в ЦИК | |
| Владимир Путин | Действующий Президент Российской Федерации | Самовыдвижение[76] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт | 26 декабря |
| Сираждин Рамазанов | Председатель правления «Социал-демократической партии России» | Социал-демократическая партия России[77] | Отказано в регистрации уполномоченных представителей по финансовым вопросам и в открытии избирательного банковского счёта. Заявил, что правление выдвинувшей партии приняло решение о снятии кандидатуры[78]. | |
| Елена Семерикова | Советник Председателя Совета Федерации, председатель партии «Женский диалог» | «Женский диалог»[79] | Отказано в регистрации из-за нарушений в проведении съезда по выдвижению в кандидаты[80] | 20 декабря |
| Ксения Собчак | Журналист, ведущая телеканала «Дождь» | «Гражданская инициатива»[81] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт[82] | 23 декабря |
| Юрий Сидоров | Председатель «Партии малого бизнеса России» | Партия малого бизнеса России[83][84] | Поданы документы о выдвижении в ЦИК | 21 декабря |
| Максим Сурайкин | Председатель ЦК партии «Коммунисты России» | «Коммунисты России»[85] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт[86] | 24 декабря |
| Борис Титов | Уполномоченный по защите прав предпринимателей в России, председатель «Партии Роста» | «Партия Роста»[87] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт[86] | 21 декбря |
| Роман Худяков | Российский и приднестровский политический деятель | «ЧЕСТНО»[88] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт | 21 декабря |
| Виктор Черепнин | | Самовыдвижение[89] | Поданы документы о выдвижении в ЦИК | |
| Александр Чухлебов | Предприниматель, лидер движения «Возрождение» | Самовыдвижение[58] | Регистрация инициативной группы избирателей отменена Верховным судом по иску ЦИК в связи с выявлением наличия вида на жительство в Финляндии[90], кандидат обжалует решение в Апелляционной коллегии Верховного суда[91] | 24 декабря |
| Григорий Явлинский | Председатель Федерального Политического комитета партии «Яблоко» | «Яблоко»[92] | Зарегистрированы уполномоченные представители, разрешено открыть избирательный банковский счёт[86] | 22 декабря |
| Андрей Яцун | Директор ООО «ИК „Доступное жильё“» | Самовыдвижение[93] | Отказано в регистрации из-за нарушений в проведении инициативной группы избирателей[59] | 26 декабря |

**ТИК Унцукульского района**

# Баркула ва баркала кьола

ХIурматиял «Ахихъан» газеталъул гъудулзаби – мухбирзаби ва газета цIалулел. РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб 20I8 Сон!

Гьале, араб соналда редакциялъул хIалтIухъабазулги нужерги цадахъаб хIалтIул хIасилалда, цIалдолезухъе щвана 20I7 соналъул 52 номер газеталъул, гьел газетазул щибаб номералда рукIана цIалдолезул мурадал цIунарал, ургъалаби загьир гьарурал макъалаби. Рахъана районалъул пасихIлъиялъул керен цIурал шагIирзабазул, гIакъилал харбазул, пагьму бегIерал гIолилазл асарал.

ГIолилазе, ригь аразе, лъималазе тIабигIат бокьулезе, спорт бокьулезе, дин-исламалъухъ гIащикълъаразе газеталъ хасал гьурмал къватIире кьуна, гьелги цIалдолезе рокьана. Газета, хIакъикъаталдаги лъугьана халкъалъул пикраби жанисан рихьулел матIулъун.

Божилъи ва хьул буго мухбирзаби, нужеде, хадубккунги нужеца жеги цIикIкIараб кумек гьабизе букIиналда, жеги къалам бегIер гьабун нилъеда сверухъ лъугьунелъул хIакъалъулъ гIадамазе загьир гьабиялъулъ хIаракатчилъи бихьизабизе букIиналда.

Исана районалъул «Ахихъан» газеталъ тIубала 80 сон. Гьеб заманалда «Ахихъан» газеталъул цIар, кигIанго захIматго бугониги гIодобе ккезе течIого цIунизе кIвана. Гьал ахириял соназ къойидаса къойиде лъикIлъулеб буго гьеб. Жакъа ЦIияб 20I8 соналъул рагьдухъ районалъул «Ахихъан» газеталъул коллективалъе бокьун буго районалъул газеталъул хIалтIулъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабурал мухбирзабазе ракI-ракIалъулаб баркала кьезе ва ЦIияб 20I8 сон баркизе. Гьаризе гьезие щулияб сахлъиги, халатаб гIумроги, творчествалъулъ жеги лъикIал хIасилалги.

Нижеца баркала загьир гьабула «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе, бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаевалъе, мухбирзаби Балахьуниса М. ГъазимухIамадовасе, Унсоколоса С. МухIамадовасе, Рихьуниса ГI. Хъарагишиевалъе, социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул управлениялъул нач. Г1. Х1амзатовасе, рукIа-рахъиналъул ва коммуналияб магIишаталъул отделалъул нач. А. ГIабдулхаликъовасе, ХъахIабросулъа ГI. МухIамадгIалиевасе, К. Г1исаевалъе, районалъул г1адамал х1алт1удалъун хьезариялъул Централъул инспектор М. МухIамадгIалиевасе, ГIашилтIа гьоркьохъеб школалъул директор М. МухIамадшапиевасе, Россиялъул ОМВДялъул Унсоколо районаллъул ОГИБДДялъул нач. Р. Мусавузовасе, Шамильхъала почтамталъул нухмалъулесул зам. ХI. ХIусейновасе, райадминистрациялъул спорталъул комитеталъул пред. М. МухIамадгIалиевасе, Шамильхъалаялдаса С. ХIамзатовалъе, статистикаялъул отделалдаса С. СагIабдулаевасе, Гъизилюрталдаса Ж. Халидовасе, Хунзахъа ТI. Ахъбердиевасе, Генуса М. Абакаровалъе.

Хадубги ЦIияб сонги баркулаго баркала загьир гьабизе бокьун буго районалъул газеталъе кидаго подписка гьабулел нухмалъулезе ва гIадамазе.

РакI-ракIалъ нижеца хIурмат гьабула ва баркала загьир гьабула щибаб санайил подписка гьабулел райадминистрациялъул, Россельхозбанкалъул, Шамильхъалаялъул школалъул, кIиябго ясли-ахазул, Унсоколо «Ромашка» ясли-ахалъул, СЮТалъул, налогазул инспекциялъул, Гьарак1уни школалъул коллективазе.

Редколлегиялъул хьул буго 20I8 соналда гьанир цIарал рехсечIого хутIаразги, газеталъулгун щулияб бухьен кквелилан. Хъвай редакциялде нужерго пикраби, бихьараб, рагIараб, х1ажатаб. Нужер кагътазухъ ралагьун руго ниж.

Нагагь газета хъвазе кIочараз редакциялдасан гьеб хъвазе бегьула бокьараб заманалда.

Цойги нухалда баркула нужеда ЦIияб сон! Мурад буго щивасе щулияб сахлъиги, рохелги, хIалтIулъ бергьенлъабиги, гьабулеб ишалъулъ икъбал ккейги. Биччанте гьаб ЦIияб сон букIине щивасе талихIаблъун, ракълилаблъун, баркат-рахIматалдалъун гьарзаяблъун. Киналго рохалида тайги нилъ!

**РЕДКОЛЛЕГИЯ.**

## Къо баччула, дуца, киве кканиги

*(Гьавураб къо баркула, ГI. МухIамадович!)*

НакIкIукьан баккараб бакъул чIор гIадин
ЧIараб бакI рекъарав, хьиндалазул вас
Росу-ракь чIухIарав чIагояв инсан
ЧIаголъана район, мун ккаралдаса.

Щвараб бакI къалъулев КъутIбуяс гIадин
Къо баччула дуца, киве кканиги,
Камилаб гIакълогун, гIедегIичIого
ГIолилал кантIулеб букIуна хабар.

ГIузру къосалабаз къавуда щвараб
Щведал духъе район, нухда бачине,
Нухлул карта билун, мекъи ккаралги
КантIизе гьаризе гьунар гIедал дур.

РитIухълъи цIехолел цIумазда гьоркьоб
ЦIар дурги рекъела цIвабзазда хъвани,
ХIалхьи гьечIеб рекIел хIалтIул цевехъан
Цоги вугев анищ, Дагъистаналъе.

***Суайбат ХIАМЗАТОВА/ Рихьуни росу.***

## Бергьенлъигун руссана



Дагьал церегIан къоязда Избербашалда тIоритIана Дагъистаналъул кубокалъе гIоло кик-боксинг тайпаялъул къецал. Гьел къецазда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул ХъахIабросулъа спортсменал МухIамадов Садрудиница – 7I кг. ва ХIасанов Рамазаница – 67 кг. ХIалуцарал къецазда кIиязго ккуна кIиабилел бакIал. КIиязулго тренер ккола гьебго росулъа ГIалиев Сайгид МухIамадович. Садрудинги Рамазанги 3-4 сон буго МахIачхъалаялда Сайгидил нухмалъиялда гьоркь ругьунлъулел ругелдаса.

ХъахIабросдал жамагIаталъго баркула гьезда бергьенлъи, гьарула чорхое сахлъиги, халатаб гIумроги, хадубккун спорталъулъ чIахIиял бергьенлъабиги. Аллагьас къуват кьеги, нужее, спорт цебетIезабизе!

***С. МУХIАМАДОВ.***

## *Квачалъул унтабазде данде*

*(Квачан унтулаго нилъеца гьекъола малина яги найил гьоцIо гъорлъ лъун чай. Руго цойги тIагIамал гьекъолел жал квачалъул унтабазде данде).*

### *Хурдузул*

Заваркаялъул чайникалда жанибе бай ромашкадул ва лирадул цо-цо чайгъуд, лъикIаб буго Алтаялъул кьалбазул гъудги базе. ТIаде тIе гьалараб лъим, тIокIкIине те, хIалтIизабилалде цебе щибаб чашкалде гъорлъе жубай чайгъуд гьоцIо. Гьалдолеб лъелъе гьоцIо жубазе лъикIаб гьечIо – гьелъул гъорлъ рукIунел пайдаял жал хола.

### *Имбиралъул*

Имбиралъул цIияб кьибил гIисин гьабе хачан яги блендералъул кумекалдалъун, жубазабе корицагун ва гIодобе биччараб цIадуда лъун I0 минуталъ белъинабе. ГIисин гьарун апельсиналъул кускул рай гъорлъе, рехе чанго гвоздика. Гьекъе хинго букIадго.

Гьеб гьекъолеб жоялъ кумек гьабула квачан нужер хIал хисарабго гьекъани. Имбирь ва цитросовиял журараб лъеца иммунитет борхизабула, чорхол хIал лъикI гьабула. ГьабсагIаталда гьеб къойил хIалтIизабуниги лъикIаб буго. Лъан букIа: имбирь гъорлъ бугеб щибаб гьекъолеб жоялъ макьу щвезе толаро, гьединлъидал гьеб гьекъе радал ва къад.

### *Витаминазул*

Босе 2 ст. гъуд гIинтIи, I гъуд рябина, тIаде тIе гьалдолеб лъим, гьитIинабго цIеда гьализабе I0 минуталъ. ТIаде рехе мята, сагIаталъ тIокIкIине те. Гьекъе бухIилаго, чай данде ккола гриппалъул бокьараб этапалда.

Гьеб буго унтуца кIвекIараб черхалъе кIудияб кумек щолел витаминал гъорлъ ругеб гьекъолеб жо. Рябинаялъул бакIалда гьелъулъ жубазе бегьула малина яги калина.

### *Оригиналияб*

ГIисин гьарурал Эхинацеялъул кьалбазде тIе гьалараб лъим, гIодобе биччараб цIеда гьалдезабе бащадаб сагIаталъ. ХIадурараб гьелде бай дагьабго клюква, апельсиналъул кускул ва корица. Гьеб буго гриппалде данде бищунго «хехаб кумек». Эхинацеялъ бигьаго къвинарула квачалъул унтаби ва цитросовияз борхизабула иммунитет. Эхинацеялъул тIагIам гIемерисезе бокьуларо, гьединлъидал тIагIам хисизе гьелде разе бегьула бокьарал цитросовиял.

### *БухIулеб (острый)*

Чайникалъуб гьабе гIадатияб чай, гьалараб лъеда цадахъ гъорлъе бай чIегIераб бухIулеб перец, рехе чанго кармазон. Гьекъезе лъикIаб буго бухIилаго. ЦIакъго грипп щун бугони базе бегьула багIараб перец, тIад лъела гьоцIоги. Амма загIипаб ракI бугезе гьеб гьекъезе лъикIаб гьечIо.

**БИТIIЗАБИ**

Гьаб соналъул тIоцебесеб январалда къватIибе араб «Ахихъан» газеталъул I номералъул кIиабилеб гьумералда лъураб «Экономикаялъул аслияб рахъ»,-абураб макъалаялъул ахирисеб абзацалда цебесеб абзацалда гъалатI ун буго. Гьениб 24 гектаралда бугеб теплица,-абураб бакIалда 24 сотых абун цIализе ккола.

Районалъул лъай кьеялъул управлениялъул тIолалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гIемерал саназ районалъул милициялъул начальниклъун хIалтIарав **МухIу Х1усейнов** хвеялда бан гьесул ясазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас гьесие алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

**ЛЪАЗАБИ**

Балахьуни гьоркьохъеб школалъ 14. 06. 2014 соналъ АхIматIхъанова Марьям-Асият ГIумаровналъул цIаралда кьураб, № 005I8000249111 бугеб, тIубачIеб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат билун буго. Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 18. 1. 18 г. 17. 40
фактически -17. 50 мин.
......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.